# Аймақлардың абаданлығы жолында

Image not found or type unknown

Ҳақыйқатында да бүгин қайсы бир аймаққа нәзер тасламайық, ол жерде қызғын жумыслар жүргизилмекте. Усы орында электр тармақлары бойынша алып барылып атырған жумысларды да айрықша айтып өтиў орынлы. Олар ҳәр бир шаңарақта жақтылықтың үзиликсиз тәмийинлениўи ушын ҳәрекет етип атыр.

Мине усы ҳәрекетлердиң үзилиске түсип қалмаўы ушын «Аймақлық электр тармақлары» АЖ администрациясы тәрепинен қурылыс-ремонтлаў жумыслары ушын керекли үскенелер Ташкент қаласынан жеткерип берилмекте. Гезектеги жетип келген материаллар аймақларға жақтылық бағышлаўы ушын хызмет етеди.

Image not found or type unknown

Өзбекстан Республикасы Президентиниң усы жылдың март айында «Абат аўыл» ҳәм «Абат мәҳәлле» бағдарламалары бойынша қабыл етилген қарары тийкарында 33 мәкан пуқаралар жыйынларына 72,1 километр электр узатыў тармақлары, 11 дана трансформатор пунктлери ҳәм 3717 дана жаңадан темир-бетон бағаналары орнатылды.

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, июль айындағы қосымша үйрениўлер барысында пайтахтымыздағы 8 мәкан пуқаралар жыйынларындағы халықтың жасаў шараятларын жақсылаў менен байланыслы ислениўи зәрүр ўазыйпалар белгиленип, бүгинги күни жумыслар мәнзилли алып барылмақта. Онда электр энергиясы тәмийнаты менен байланыслы мәселелер де орын алған.

Image not found or type unknown

Усы күнге дейин «Әмиўдәрья», «Қумбыз аўыл», «Жайхун», «Жуўазшы», «Жолшылар», «Анасай» «Жаңазабар» ҳәм “Узынкөл” мәкан пуқаралар жыйынларында электр тармақларын жақсылаў мақсетинде 21,6 км электр узатыў

тармақлары жаңадан тартылып, 2 дана жаңа трансформатор пунктлери орнатылды ҳәм 637 дана темир-бетон бағаналары тикленди, бул бағдардағы жумыслар еледе даўам етпекте.

Аймақлардағы жумыслар «Аймақлық электр тармақлары» АЖ администрациясы тәрепинен қадағалаўға алынып, қурылыс-ремонтлаў жумыслары ушын керекли үскенелер Ташкент қаласынан жеткерип берилмекте.

Бар болған машқалаларди сапластырыў ушын бүгинги күнде 11 бригада бириктирилген ҳәм зәрүр техникалар менен тәмийинленген.

**«Қарақалпақ АЭТК» АЖ мәлимлеме хызмети**